

Enfòmasyon pou moun ki gen dosye nan tribunal pou ka nan tribunal depè  
Kalandriye pou moun ki pale panyòl ak kreyòl ayisyen  
Pwosedi ak entèprèt

Anpil nan enfòmasyon ki pi ba yo soti nan paj wèb "Enfòmasyon pou akize nan tribunal depè", nan [https://courts.delaware.gov/help/proceedings/jp\\_infodefendants.aspx](https://courts.delaware.gov/help/proceedings/jp_infodefendants.aspx).

Pwogram Entèprèt pou tribunal la bay enfòmasyon sa yo kòm yon koutwazi pou ede akize yo konnen ak kisa pou yo atann yo lè yo vin nan tribunal pou kalandriye konparisyon nan lang panyòl ak lang kreyòl ayisyen. Sa ki anba a pa la pou ranplase pwosedi estanda tribunal la afiche yo oswa konsèy yon avoka.

Enfòmasyon sa yo aplike pou akize nan ka penal ak ka sikilasyon tribunal la tandem olye yo peye yon amann volontè.

Tribinal depè Delaware pwogramme kalandrye jidisyè pou lekti fòmèl akizasyon yo pou ede akize ki pa byen metrize lang anglè (Limited English Proficient, LEP). Kounye a yo ofri kalandriye jidisyè sa yo pou akize ki pale panyòl ak kreyòl ayisyen. Y ap rele akize yo pou yo parèt nan dat espesyal sa yo epi eta a ap bay entèprèt pou akize LEP yo jwenn èd lengwistik gratis, oswa pou ede paran (yo) si akize a se yon minè. Pou itilizatè tribunal yo kapab pi alèz, kèk nan evènman sa yo pwogramme aprè 5 PM. Kalandriye jidisyè sa yo konsène sitou akizasyon sikilasyon ak lòt enfraksyon.

Pandan seyans konparisyon pou akizasyon an, yo bay entèprèt nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen pou fasilité komunikasyon ant akize LEP yo, anplwaye yo ak jij yo. Entèprèt pa ka bay konsèy jiridik, di ou sa ou ta dwe fè nan ka pa w la, oswa rekòmande w yon avoka. Pou jwenn enfòmasyon sou avoka yo, ou ka ale sou paj wèb Asistans Jiridik la, nan <https://courts.delaware.gov/help/legalassistance.aspx> Pou li an panyòl, peze bouton an ki li "Leer en espanol".

**Èske mwen oblige vin nan tribunal la si yo rele m pou m konparèt?** Ou dwe parèt sou plas nan tribunal depè a (Justice of the Peace, JP) nan dat ak lè ki endike sou konvokasyon nan tribunal ou a oswa nan fich kontravansyon w lan. Menm si se pa yon obligasyon, ou ka vle gen yon avoka. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou prepare odyans ou an, pou w prezante yon avoka, ak plis ankò, [Gade "Information for Defendants in the Justice of the Peace Courts" \(Enfòmasyon pou Akize akize nan Tribunal de Pè"\)](#) ki anliy lan.

Asire w ou pote kopi konvokasyon nan tribunal la oswa kopi fich kontravansyon w lan nan tribunal la. Ou dwe pote tou yon mwayen pèman si ou vle plede koupab epi peye amann nan. Ou ka peye ak chèk, lajan kach, kat debi, oswa kat kredi sa yo: Visa, MasterCard, ak Discover. Ou dwe pote tou nan tribunal la tout dokiman ou vle montre Jij la, tankou kat asirans ou, lisans ou, ak/oswa imatrikilasyon ou.

**Kisa k ap pase aprè ou fin rive nan tribunal la?** Lè ou rive nan lokal tribunal depè a, w ap bezwen ale nan sekirite a an premye, epi ou dwe ale sou gichè a epi fè grefye tribunal la konnen ou la. Yon entèprèt ap la pou ede w kominike ak grefye tribunal la. Bay grefye a yon kopi konvokasyon nan tribunal oswa fich konvokasyon w lan oswa si ou pa genyen li, bay grefye tribunal la non w jan li ekri sou konvokasyon nan tribunal la. Entèprèt yo ka mande w papye w; men se sèlman pou ede w anrejistre. Grefye a ap ba w yon dokiman ki rele “Antesedan akize a” pou w ranpli. Mande entèprèt la èd si w bezwen èd pou w ranpli fòmilè “Antesedan akize a”.

**Rankontre yon ofisyel lapolis si gen youn ki disponib.** Yo ka pwogramme pou yon ofisyel lapolis konparèt nan seyans konparisyon an nan lang panyòl ak kreyòl ayisyen. Li reprezante deputman lapolis ki bay kontravansyon an. Lap diskite sou kontravansyon w lan ak ou nan yon reyinyon epi pafwa prezante ou yon òf pledwari deputman lapolis la fè pou rezoud ka a. Nan lang anglè, yo jeneralman rele ofisyel sa yo “police prosecutors”. Entèprèt yo ap ede w kominike ak ofisyel polis la pandan reyinyon sa yo. Menm si se pa yon obligasyon, ou ka vle gen yon avoka.

**Rete tann jiskaske yo site non w pou w antre nan sal odyans lan.** Tanpri rete chita sou yon chèz nan koulwa atant lan. W ap fè yon ti tann. Aprèsa, entèprèt la ap mennen yon gwoup moun nan sal odyans lan pou wè jij la.

**Kisa k ap pase anndan sal odyans lan?** Pran yon chèz. Plas anndan sal odyans lan limite, epi y ap prioyize akize adilt yo ak paran minè y ap tandem ka yo nan moman sa a. Yo ka mande tout lòt moun pou yo tann deyò sal odyans lan.

Lè jij la antre nan sal odyans lan, tanpri kanpe. Entèprèt la ap entèprete tout sa jij la di ansanm ak kesyon epi repons ant ou menm ak jij la. Jeneralman, jij la ap rele yon ka alafwa epi lap esplike akizasyon ki genyen kont ou yo ak penalite posib yo. Yo rele sa yon **lekti fòmèl akizasyon yo**. Akize k ap tann tou pa yo dwe rete an silans pandan pwosedi a. Menm si se pa yon obligasyon, ou ka vle gen yon avoka. Si ka w la se yon ka yo kapab tandem nan tribunal depè a, ou ka pran kèk desizyon konsènan ka w la.

- Plede “pa koupab” epi ale nan jijman nan tribunal depè a oswa transfere ka w la pou yon lekti fòmèl akizasyon yo nan tribunal dwa komen oswa tribal pou kòz lafanmi, oswa
- Plede koupab.

W ap bezwen siyen papye nan sal odyans lan. Jij la ap li oswa eksplike sa papye yo di, epi entèprèt la ap entèprete pou ou. Entèprèt la ap entèprete tout kesyon ou ka genyen ak repons jij la bay yo. Si ou pa konprann yon bagay, di jij la ou pa konprann.

Youn nan fòmilè y ap mande w siyen yo rele “fòmilè jiridiksyonèl”. Lè w ap siyen fòmilè jiridiksyonèl la, jij la ap mande w si w vle plede “koupab” oswa “pa koupab”. Si ou pa fin konn sa pou w fè nan moman sa a, ou dwe plede “pa koupab”. Si ou pa konprann yon bagay, di jij la ou pa konprann.

**Si w chwazi plede “koupab”:** Si w pa gen avoka, jij la ap mande w pou w siyen yon fòmilè “renonsyasyon pou gen yon avoka”. Lè w siyen fòmilè sa a, ou dakò pou w renonse ak dwa w genyen pou yon avoka reprezante w.

Jij la ap mande w pou w siyen yon "Dosye pledwari koupab." Fòmilè pledwari koupab la eksplike dwa w ap abandone lè w plede koupab la. Si w plede koupab, ou p ap gen dwa pou yon jijman oswa fè apèl kont kondanasyon w lan. Ou dwe konprann fòmilè sa yo anvan ou siyen yo. Si w gen nenpòt kesyon, ou dwe poze yo bay jij la. Aprè w fin siyen fòmilè sa yo, jij la ap kondane w sòfsi w kalifye pou libète kondisyonèl anvan jijman.

**Kisa ki libète kondisyonèl anvan jijman an?** Libète kondisyonèl anvan jijman (Probation before Judgment, PBJ) pèmèt yon delenkan primè oswa yon delenkan okazyonèl, nan kèk sikonsans, evite pou gen yon kondanasyon kont li si delenkan an respekte kèk kondisyon. Jij la ap eksplike ou PBJ a ak kondisyon yo, epi entèprt la ap entèprete sa jij la di yo. Si gen yon bagay ou pa konprann, di jij la ou pa konprann. Entèprt la ap entèprete tou tout kesyon ou ka genyen ak repons jij la bay yo.

### **Kisa k ap pase aprè lekti ofisyèl akizasyon yo?**

**Si w plede "koupab",** jij la ap kondane w. Si yo enpoze yon amand, y ap atann pou w peye amand lan nan moman sa a oswa pran dispozisyon pou fè yon pèman pa tranch oswa referans travay. Kit yo enpoze yon amand oswa yo pa enpoze yon amand, ou dwe peye frè tribinal ak lòt amann lalwa egzije w yo. Si gen yon bagay ou pa konprann, di jij la ou pa konprann. Entèprt la ap entèprete tou tout kesyon ou ka genyen ak repons jij la bay yo.

Lè jij la fin diskite sou ka w la ak ou, ou dwe soti nan sal odyans lan epi tann nan koulwa atant lan jiskaske yo site non w nan gichè a. Entèprt la ap ede w kominike ak grefye tribinal la. Pa ale toutotan ou pa resevwa dokiman w yo.

**Si w plede "pa koupab",** tribinal la ap fikse yon dat pou w vin nan jijman w lan epi l ap fikse kosyon ak nenpòt kondisyon pou w libere. Entèprt la ap ede w kominike ak grefye tribinal la. Grefye tribinal ki sou gichè a ap ba w yon avi ak nouvo dat odyans ou an oswa l ap voye li pa lapòs pou ou après. Li enpòtan pou adrès ou mete nan fòmilè "Antesedan akize a" kòrèk. Moun ki pa parèt pou odyans yo gen dwa resevwa yon manda darè.

**Dakò pou peye jou sa a oswa fè aranjman pou pèman:** Nan sal odyans lan, jij la ap mande w si w ka peye tout amand ou a menm jou sa a oswa si w bezwen tan pou w peye. Si ou pa kapab peye jou sa a, jij la ka mande w:

- Konbyen tan ou bezwen pou peye tout montan an, oswa èske ou bezwen yon plan pèman
- Frekans pèman an (tankou èske se chak semèn oswa chak mwa)
- Konbyen ou ka peye chak fwa

Asire w ou fè aranjman pou yon plan pèman ou ka respekte, sinon y ap ba w yon manda darestasyon si w pa parèt nan tribinal la apre w rate yon pèman, si w peye an reta, oswa si w peye yon kantite lajan ki pi piti. Si gen yon bagay ou pa konprann, di jij la ou pa konprann. Entèprt la ap entèprete.

**Kijan yo fè pèman:** Entèprèt ki deyò sal odyans lan nan koulwa atant lan ak nan gichè a ap ede w ak demach pou fè pèman w lan oswa siyen yon aranjman pou peye. Si w gen nenpòt kesyon, entèprèt la ap entèprete pou ou menm ak grefye tribunal la.

Lè w tande non w, ale sou gichè a. Entèprèt la ap ede w kominike ak grefye tribunal la. Grefye tribunal la ap kolekte pèman w lan epi l ap ba w yon resi. Si w te etabli yon plan pèman, w ap resevwa yon kopi aranjman pèman w lan pou w siyen, ansam ak enstriksyon sou fason pou w peye a. Dokiman w ap resevwa yo ap eksplike tou ou ka peye pa telefòn ak yon kat kredi oswa kat debi, sou entènèt oswa an pèsòn nan nenpòt tribunal depè.

W ap resevwa tou enstriksyon pou jwenn yon kyòs OSCCE sou <https://courts.delaware.gov/aoc/oscce/locations.aspx> oswa nan tribunal depè penal ki pi pre a, sou <https://courts.delaware.gov/locations/jpcourt.aspx>.

Grefye tribunal la ap esplike w tout etap k ap vini aprè yo epi entèprèt la ap entèprete sa grefye tribunal la di yo. Si gen yon bagay ou pa konprann, di grefye tribunal la ou pa konprann. Entèprèt la ap entèprete tou nenpòt kesyon ou ka genyen ak repons grefye tribunal la bay yo.

Ou menm oswa avoka w la dwe mande yon entèprèt pou nenpòt odyans nan tribunal k ap gen pou fèt yo. Pou fè sa, tanpri vizite "Kijan pou mande sèvis entèpretasyon" pou jwenn plis enfòmasyon, sou <https://courts.delaware.gov/aoc/courtinterpreter/>.

Si w se yon bileng epi w vle jwenn enfòmasyon sou fason pou w vin yon entèprèt nan tribunal, tanpri gade "Kesyon yo poze souvan" nou yo ki afiche sou Entènèt, sou <https://courts.delaware.gov/aoc/courtinterpreter/faqs.aspx>.